



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SOUTH FORK WIND LIVRE PREMYE ENÈJI
EWOLYÈN BÒ KOT NAN LONG ISLAND**

South Fork Wind vin premye fèm ewolyen bò kot la nan nivo sèvis piblik a gran echèl nan dlo federal yo k ap kòmanse "sou tansyon" nan Etazini

Gen de tibin ki deja enstale; tout 12 tibin yo ta dwe enstale nan kòmansman 2024 la

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè New York la pou enstale nèf jigawat enèji ewolyèn bò kot disi 2035

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a livrezon enèji pwòp nan Long Island ki soti nan premye tibin ewolyen bò kot k ap fonksyone nan South Fork Wind lan, sa ki make yon etap enpòtan istorik nan premye fèm ewolyen bò kot nan nivo sèvis piblik la nan dlo federal yo ki kòmanse "sou tansyon" nan Etazini. Pwojè a te konplete enstalasyon de tibin, ak youn ki operasyonèl, apeprè 35 km sou Montauk ak tout 12 tibin yo prevwa enstale nan kòmansman 2024 la. Anons jodi a [sipòte](#) pwogrè nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou enstale nèf jigawat enèji ewolyèn bò kot disi 2035

"Efò New York k ap mennen nan nasyon an pou jenere enèji pwòp ki fyab, renouvlab deja atemmen yon etap enpòtan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "South Fork Wind pral alimante plizyè milye kay, kreye travay sendika ki byen peye epi montre tout moun ke enèji ewolyèn bò kot se yon resous ki vyab ke New York ka eksplwate pou jenerasyon k ap vini yo."

Etap sa a, ki vini sèlman de semèn apre [enstalasyon premye tibin ewolyèn bò kot New York la](#), te selebre nan East Hampton ansanm ak patnè antrepriz konjwen Ørsted ak Eversource, ofisyèl eta, konte ak lokal yo, defansè yo ak manm kominote yo. Lè fini, South Fork Wind pral jenere apeprè 130 megawat enèji renouvlab, sa ki ase pou alimante apeprè 70,000 kay Long Island. Enèji renouvlab ki soti nan South Fork Wind pral elimine jiska sis milyon tòn emisyon kabòn chak ane, ekivalan si w retire 60,000 machin sou wout la.

Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) Ian, Thomas Falcone, te dedlare, "Jodi a make yon etap enpòtan nan direksyon pou enpleman vizyon Gouvènè Hochul pou yon avni enèji dirab ak fleksib pou New York. Prèske uit ane nan preparasyon, premye tibin enèji ewolyèn sa a ki pwodui enèji transfòmè vizyon sa a an reyalyte. LIPA fyè pou l sipòte pwojè enpòtan sa a nan non 1.2 milyon kliyan nou yo nan Long Island ak nan Rockaways."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Moman sa a reprezante ane travay di, vizyon, ak kouraj pou dirije nan tranzisyon enèjetik nou an. Rezidan Long Island yo kounye a ap fè eksperyans pèsònèl avantaj kay yo ak biznis yo k ap alimante ak elektrisite pwòp, renouvlab ki soti nan South Fork Wind, epi nou felisite ekip yo nan Orsted, Eversource, LIPA, lidè lokal yo ak travayè yo ki te bati pwojè enkwayab sa a k ap selebre premye enèji jodi a."

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare, "Livrezon elektrisite pwòp, renouvlab jodi a nan Long Island se yon etap enpòtan nan pwogrè pou kreye yon ekonomi enèji pwòp nan Eta New York. Se prèv pozitif ke nou pral kapab atenn objektif alontèm nou yo pou kreye yon rezo enèji ki pi pwòp ak yon temwayaj efò Gouvènè Hochul fè jiska prezan."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "South Fork Wind se yon gwo etap pou pi devan pou atenn objektif enèji pwòp Gouvènè a. Nasyon an ap gade New York pandan n ap pran devan yon lòt fwa ankò nan enèji ewolyèn bò kot epi n ap kontinye trase wout nan direksyon yon avni ki pi dirab pou kominote New York yo. Plizyè milye kay Long Island kapab kounye a di ke yo ap diminye anprent kabòn yo yon fason konsiderab. Pwojè sa a se yon temwayaj pou pèsèverans ak kowòdinasyon atravè tout nivo gouvènman an ak endistri a. Depatman Deta te jwe yon wòl kle nan diminye enpak sou sit pwojè a, kreye yon chemen responsab pou devlopman enpòtan sa a."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare, "Gras a sipò Gouvènè Hochul ak efò patnè DEC yo nan LIPA ak NYSERDA, Eta New York ap pran etap enpòtan pou diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè k ap chanje klima a pandan l ap kreye djòb ak ranfòse ekonomi lokal yo. Livrezon enèji ewolyèn ki reyisi nan South Fork Long Island se yon etap enpòtan nan tranzisyon Nouyòkè yo nan yon avni vèt ki alimante pa sous enèji ki pi pwòp."

Vis Prezidan Egzekitif ak PDG Gwoup Ørsted pou Amerik, David Hardy, te deklare, "East Hampton deja fè istwa kounye a kòm premye kominote nan New York ki te resevwa enèji pwòp nan yon fèm enèji ewolyèn bò kot. South Fork Wind se non sèlman yon pwojè k ap trase wout pou eta a, li se tou youn nan fondasyon endistri enèji ewolyèn bò kot Etazini an ak yon temwayaj angajman, ekspètiz ak travay di ekip nou an. Gras a lidèchip administrasyon Biden ak Hochul yo, ak patnè ak sipòtè eta ak lokal nou yo, South Fork Wind ap dinamize epi li ap prepare teren an pou yon endistri Ameriken k ap grandi."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Eversource Energy a, Joe Nolan, te deklare, "South Fork Wind se yon pwòje pa Nouyòkè yo, pou Nouyòkè yo. Enèji ewolyèn bò kot pwòp, renouvlab kounye a ap koule nan rezo lokal yo nan East Hampton gras ak travay di travayè ak kontraktè sendika lokal yo ki te ede nou konstwi sistèm transmisyon South Fork Wind lan ak sòustasyon sou tè a. Sa a se te yon premye ane pou endistri enèji ewolyèn bò kot New York la, epi gen pi plis k ap vini nan semèn k ap vini yo pou pwòje revolisyonè sa a ak kwasans sektè enèji ewolyèn bò kot la nan Etazini."

Aprè premye apwobasyon Konsèy Administratè LIPA an 2017, [South Fork Wind te kòmanse konstriksyon](#) an fevriye 2022, li te kòmanse ak [sistèm kab ekspòstasyon terès](#) ki konekte pwòje a ak rezo enèji LIPA a, ki te fini nan kòmansman ane sa a. Pak ewolyen an te atenn etap "[asye nan dlo a](#)" nan jen 2023 avèk enstalasyon premye baz monopil pwòje a. Veso enstalasyon bò kot Van Oord la, Aeolus, ap enstale tibin yo.

South Fork Wind genyen [premye sou-estasyon ewolyen bò kot ki konstui Etazini](#). Plis pase 350 travayè Ameriken nan twa eta sipòte konstriksyon sou-estasyon ewolyen bò kot sa a, yon estrikti siperyè k ap kolekte enèji tibin ewolyen yo pwodui yo epi konekte yo ak rezo a. Travayè sendika New York yo te sipòte enstalasyon li sou kot la.

Kontraktè ki baze nan Long Island lan, Haugland Energy Group LLC (yon afilye Haugland Group LLC) [te enstale sistèm rezo konduit soutèren an](#) pou liy transmisyon tèrès South Fork Wind lan epi mennen konstriksyon etablisman entèkoneksyon tèrès pwòje a. LS Cable te enstale ak rakò kab tèrès yo avèk sipò Elecnor Hawkeye Long Island la. [Dimansyon kab tèrès](#) travay sèlman te kreye plis pase 100 djòb sendika pou travayè ki kalifye yo nan Long Island. Roman Stone, ki nan Long Island tou, te fabrike matla an beton pou pwoteje kab anba lanmè yo, epi Ljungstrom, ki sitiye nan lwès New York, an patenarya ak Riggs Distler & Company, Inc., te bay chapant an asye espesyalize.

Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare, "Jodi a se yon etap enpòtan nan objektif pou atenn enèji renouvlab Eta New York epi bay moun Long Island yo yon enèji pwòp nan pri ki pi ba, epi ki fyab. Enèji renouvlab se yon eleman enpòtan nan avni enèji nou an, epi Eta a dwe travay pou asire Nouyòkè yo kontinye benefisye de tout aspè tranzisyon sa a - soti nan opòtinite travay nan enèji abòdab, rive nan yon anvivonman ki pi pwòp."

Manm Asanble Fred W. Thiele, Jr., te deklare, "Pa gen okenn dout ankò ke chanjman klimatik la reyèl. Chak jou, n ap wè enpak negatif sou lès Long Island ak atravè lemond. Eta New York se yon lidè nan inovasyon politik k ap atake chanjman klimatik la. Adopsyon Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta New York la, ke mwen te ko-patwone, te etabli objektif agresif pou diminye emisyon kabòn yon fason sinifikatif disi 2050 nan ranplase konbistib fosil pa enèji renouvlab, tankou enèji ewolyèn. Pwòje sa a make yon premye etap enpòtan nan direksyon pou atenn objektif klimatik nou yo."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Konte Suffolk fyè dèske li se yon lidè nasyonal nan enèji pwòp ak renouvlab la. Atravè kolaborasyon ak lidèchip Gouvènè Hochul, ofisyèl rejyonal nou yo ak moun ki gen enterè nan kominote a, nou rete nan tèt devan endistri enèji ewolyèn bò kot la, pou ede asire dirabilite alontèm ak kwasans ekonomik rejyon nou an."

Sipèvizè Vil Southampton lan, Peter Van Scoyoc, te deklare, "Kòmansman pwodiksyon enèji ewolyèn pwòp, renouvlab ki soti nan tibin South Fork Wind yo, ak livrezon li nan sistèm rezo elektrik lokal nou an nan East Hampton, se yon etap enpòtan enteresan ki fè avanse objektif konplè enèji renouvlab Vill East Hampton lan ansanm ak objektif Eta New York yo. Vil East Hampton kontan dèske li te travay avèk Orsted ak Eversource pou akonpli objektif sa a."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan pou tranzisyon New York pou soti nan konbistib fosil yo ak nan direksyon yon avni enèji pwòp. Apre plizyè ane nan planifikasyon ak anpil èdtan travay ak konstriksyon – anpil nan èdtan sendika sa yo – elektrisite pwòp ki soti nan enèji ewolyèn bò kot te finalman rive sou rivaj la. Avèk lidèchip solid Gouvènè Hochul nan anviwònman an, ak konpayi entelijan ak inovan tankou Orsted ak Eversource ki angaje nan devlope – epi ki kapab delivre – pwojè enèji renouvlab nan gwo echèl, nou konnen sa a se jis kòmansman an."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li reyalize etap enpòtan sa a. Se yon temwayaj sou angajman li pou asire New York atenn objektif enèji pwòp li yo. Nou pa ka tann pou nou travay ak Gouvènè a pou asire ke avni enèji renouvlab nou an konstwi, opere, konsève, repare ak fabrike pa travayè ki touche bon salè, epi ki jwi benefis ak pwoteksyon kontra sendika yo garanti."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan nan pouswit New York pou objektif enèji renouvlab li yo ak etablisman yon avni enèji pwòp ki ranfòse karyè klas mwayèn yo, ki deklannche kwasans ekonomik epi ki bay yon anviwonman ki pi vèt pou jenerasyon k ap vini yo pou yo pwospere ladan l. Premye livrezon enèji pwòp nan Long Island atravè South Fork se sèlman kòmansman sa enèji ewolyèn bò kot ka pote sou tab la, epi nou fyè dèske atizan nou yo te jwe yon wòl nan asanblaj avèk konpetans epi avèk efikasite premye tibin operasyonèl la nan pwojè enpòtan sa a. Yo pa ka tann pou kontinye travay yo pou yo jwenn tout 12 tibin k ap jenere enèji ewolyèn nan mwa k ap vini yo, pandan y ap pouswiv yon karyè sendika ki pèmèt yo alimante fanmi yo ak ankouraje estimilis ekonomik nan kominote yo."

Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, John R. Durso, te deklare, "Pwojè sa a ap konstwi ak travay sendika. Nou prevwa li pral opere ak travayè sendika. Anons sa a, ak evantyèlman finisman South Fork Wind, se yon prèv pozitif ke nou ka adrese kriz klimatik la epi kreye bon travay sendika nan pwosesis la. Nou pa ka atann pou n travay ak Eta New York, endistri enèji ewolyèn bò

kot la, ak tout lòt moun ki gen enterè ki enterese nan yon avni pi briyan ak bon salè ki kapav soutni fanmi."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Long Island (Long Island Association, LIA) Ian, Matt Cohen, te deklare, "Long Island te fè listwa epi li se ofisyèlman kapital enèji ewolyèn bò kot nan peyi a, epi mwen felisite Gouvènè Hochul, ekip Ørsted ak Eversource, ak Otorite Enèji Long Island lan pou siksè yo nan patenarya piblik-prive a epi paske yo non sèlman delivre enèji pwòp pou rezo a, men tou pou kreye dè milye djòb ak opòtinite ankadreman pou ti biznis yo."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou dilijans li pou pote enèji ewolyèn bò kot sou mache a. Detèminasyon ak vizyon Gouvènè Hochul kontinye ogmante kolaborasyon Eta New York ak travayè kalifye, sa ki kreye premye fèm enèji ewolyèn bò kot la nan nivo sèvis piblik la nan dlo federal yo sou bò lanmè lès la. Pwojè k ap chanje klima sa a reprezante yon nouvo opòtinite ekonomik ki bay chwa pou pwochen jenerasyon travayè lokal yo, k ap chèche karyè ki byen peye, ki estab ki pral bay kapasite pou yo rete travay nan Long Island. Kòm rezilta demann sou mache sa a, endistri enèji ewolyèn bò kot la te fè patenarya ak travayè pou bay yon chemen ki mennen dirèkteman nan Metye Batiman ak Konstriksyon atravè pwogram aprantisaj ak pre-aprantisaj tankou Opportunities Long Island. Kontrèman ak mendèv k ap redui nan anpil lòt kominote atravè peyi a, Konsèy Metye Konstriksyon lokal nou ap grandi anpil epi an majorite pati akòz demann travay Ørsted/Eversource nan endistri enèji ewolyèn bò kot la."

Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalczman, te deklare, "Li remakab pou nou temwen tou grasye tibin yo nan South Fork Wind Farm la pandan l ap reyalize premye kouran li, sa ki ap founi rezo New York la yon premye nan sa ki se yon rezèv enèji ewolyèn bò kot san limit. Men, konvèsyon briz oseyan yo ki te parèt san efò sa a an elektrisite san kabòn pa t ap posib san vizyon Administrasyon Hochul ak anpil lidè nan tout nivo gouvènman an, sipò kominotè fòmidad pou pwojè sa a kòm yon mwayen pou tranzisyon nan yon plan avni enèji pwòp nan East End, ak pèsèverans devlopè pwojè yo, Ørsted ak Eversource, nan simonte tout obstak, soti nan pandemi rive nan defi chèn ekipman mondyal, ki te kanpe an kwa sou wout la. South Fork jodi a rantre nan ran pwojè enfrastruktir anblematik New York yo, epi menm jan ak pwojè sa yo, nou kanpe pou rekòlte benefis pou jenerasyon k ap vini yo."

Fondatè Win With Wind, Judith Hope, te deklare, "Ekip sitwayen East Hampton nou an kontan dèske yo te fè pati efò istorik sa a. Nou kwè sipò lokal aktif esansyèl pou siksè avni enèji ewolyèn bò kot la nan Eta New York."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare, "Sa a vrèman pasyonan ak istorik. Pandan tibin yo ap tounen, nou tou n ap tounen yon paj nan istwa nan pwodiksyon enèji a. Tibin ewolyèn yo se fa espwa pou yon pwovizyon enèji ki pi pwòp, ki pi an sekirite ki benefisye chak Nouyòkè. CCE deja sipòte enèji ewolyèn bò kot depi 18 ane epi kounye a, wè li finalman aplike se yon rèv ki

tounen reyalite. Yon gwo remèsiman pou Gouvènè Hochul ak ekip NYSERDA ki te defann tranzisyon enpòtan sa a pou yon pi bon avni."

Direktè Egzekitif Asosyasyon pou yon Pibon Island Long (Association for a Better Long Island, ABLI) Kyle Strober, te deklare, "Miz an Tansyon Southfork Wind Farm non sèlman se yon moman istorik pou Long Island men tou pou nasyon nou an. Pwojè pyonye sa a ap fè nou vin pi pre yon avni enèji renouvlab epi li posib grasa kolaborasyon eta, Orsted, Eversource, ak kominote lokal ak lidè biznis yo. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul, Konsèy LIPA ak tout pati ki enplike yo. Asosyasyon pou yon Pi bon Long Island fyè pou l sipòte inisyativ sa a, paske li rekonèt enpak enpòtan li sou vwayaj nou an nan direksyon yon avni enèji ki pi dirab ak fleksib".

Direktè Egzekitif Enèji Renouvlab Long Island Ian, Gordian Raacke, te deklare, "Enèji Renouvlab Long Island (Renewable Energy Long Island, RELI) ap travay ansanm ak LIPA, Ørsted, East Hampton, ak anpil lòt moun ki gen enterè pandan plizyè ane pou wè pwojè South Fork Wind la fini. Se egzakteman sa Eta New York bezwen pou atenn objektif agresif ak delè ki tabli nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè eta a. Li bon pou nou konnen kounye a kay yo ap itilize enèji pwòp, renouvlab, sa k ap imedyatman diminye emisyon kabòn nou yo."

Anons jodi a bati sou momantòm [anons](#) Gouvènè a te etabli nan kòmansman mwa sa a, ki te pibliye pi gwo investisman eta a nan enèji renouvlab nan istwa Etazini. Prim kondisyonèl yo te gen ladan twa pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak 22 pwojè enèji renouvlab tèrès a ki totalize 6.4 jigawat enèji pwòp, sa ki ase pou alimante 2.6 milyon kay New York epi sèvi apeprè 12 pousan bezwen elektisite New York yon fwa yo fini. Lè yo makonnen ak de instalasyon fabrikasyon lam ak nasèl enèji ewolyèn olaj zòn kot, pòtfèy nouvo pwojè sa yo prevwa kreye apeprè 8,300 djòb pou soutni fanmi yo epi ankouraje 20 milya dola nan envestisman devlopman ekonomik nan tout eta a, ki gen ladan investisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York nan enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije

pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)